

LELEWA LAN PAMILIHE TEMBUNG BASA WAROK PONOROGO

Dening:

ACHZARIVIEN

102114228

S1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Surabaya
Email: nyamuk.berupil@yahoo.co.id

Abstrak

Warok wiwit mbiyen dadi gegambarane masyarakat Ponorogo, wiwit saka sifat, dedeg piadeg, tindak tanduk, lan gaya pacelathone ing bebrayan lan ing pementasan nduweni ciri khase dhewe. Kekhasane para warok anggene pacelathon iku dadi dasar panliten iki, yaiku kanggo ngonceki kepriye wujud pamilihe tembung sajroning basa warok Ponorogo nalika ing pementasan, lan kepriye wujud lelewane basa warok Ponorogo nalika ing pementasa. Kagiyatan panliten iki nggunakake ancangan metode deskriptif kualitatif. Asil panliten iki nuduhake yen pamilihe tembung sing onja lan katon digunakne sajroning basa warok Ponorogo nalika ing pementasan yaiku aspek titi maknane. Ing aspek titi maknane iku katon kepriye ciri khase basa warok yaiku nuwuhake efek-efek penguatan saka tembung kasebut. Efek-efek penguatan tembung kuwi bisa disawang ing babagan antonimi. Ing konsep iki tembung kang nduweni makna sejatine wis katon cetha nanging dening para warok banjur diwenehi tembung liya kang nduweni unsur pembandhing, saengga nuwuhake makna penguatan marang tembung mau, lan uga tuwuh rasa kang endah. Lelewane basa kang onja lan katon digunakne sajroning lelewane basa warok Ponorogo nalika ing pementasan yaiku ing majas. Majas sajroning lelewane basa warok bisa nuwuhake citraan tartamtu sajroning pemikiran panikmate. Asil saka dhata-dhata sing diolah ngatonake lelewane basal an pamilihe tembung sing dipilih lan digunakne para warok nalika ing pementasa gumantung karo tujuan lan kahanane.

Kata Kunci: basa warok Ponorogo, pamilihe tembung, lelewane basa.

Abstrak

Sejak dahulu kala warok merupakan gambaran dari masyarakat Ponorogo, mulai dari sifat, wujud, tingkah laku, dan cara berbicaranya ketika dimasyarakatkan dan di pementasan memiliki ciri khasnya sendiri. Kekhasannya para warok ketika berbicara menjadi dasar penelitian ini, yaitu untuk menganalisis bagaimana wujud diksi bahasa warok Ponorogo ketika di pementasan, dan bagaimana wujud gaya bahasa warok Ponorogo ketika dipementasan. Kegiatan penelitian ini menggunakan metode deskriptif kualitatif. Hasil dari penelitian ini menunjukkan kalau pemilihan kata (diksi) yang sering muncul didalam bahasa warok Ponorogo ketika di pementasan yaitu aspek semantik. Diaspek semantiknya itu kelihatan ciri khasnya basa warok Ponorogo, yaitu menimbulkan efek-efek penguatan dari kata tersebut. Efek-efek penguatan kata itu bisa dilihat di konsep antonimi. Di konsep ini kata yang memiliki makna sejatinya sudah kelihatan jelas, tetapi oleh para warok ditambahi kata lain yang memiliki unsure pembanding, sehingga menimbulkan penguatan makna kata tadi, dan memberikan keindahan. Gaya bahasa yang sering muncul didalam bahasa warok Ponorogo ketika di pementasan yaitu majas. Majas didalam bahasa warok bisa menimbulkan citraan tertentu didalam pemikiran penikmatnya. Hasil dari data-data yang dianalisis memperlihatkan diksi dan gaya bahasa yang dipilih dan digunakan para warok ketika dipementasan bergantung pada tujuan dan keadaannya.

Kata Kunci: bahasa warok Ponorogo, diksi, gaya bahasa.

PURWAKA

Warok asale saka tembung wewarah, sing tegese wong kang nduweni tekad sing apik kanggo menahi piwulangan lan tuntunan sing becik lan uga ngayomi tanpa pamrih. Mula wong sing dadi warok kudu bisa menahi pituduh

utawa piwulangan ngenani panguripan sing apik, nduweni kasekten, lan ngemban nile-nile lokal sing digambarake kanthi jujur, wani, lugu, lan apa anane. Pituture para warok iku nduweni ciri khas, kayata pamilihe tembung sing dituturake kanthi basa sing khas, lan kanthi cara mantep lan intonasi swara sing dhuwur dibarengi obahe

awak sing bisa nggawe lawan pituture percaya. Pituture para warok ing wektu saiki gampang diweruhi nalika ing pementasa-pementasan.

Adhedhasar katrangan kasebut mula panliti ing kene arep ngonceki luwih jero ngenani lelewane basa warok Ponorogo ing pementasan. Panliten iki dikaji nganggo kajian stilistika sing ana sesambungane karo gaya kang arupa konsep-konsep ngenani pamilihe tembung (*diksi*) lan lelewane basa. Stilistika gegayutan karo gaya (*style*). Gaya gegayutane karostilistika ana ing panganggone basa. Analisis stilistika nduweni tujuwan kanggo nerangake gegayutane antarane basa karo fungsi artistik. Miturut Teeuw (sajroning Yuwana, 2000:4) ngandharake yen stilistika lan ilmu lelewane basa mesthi nliti panggunane basa sing khas utawa istimewa. Kajian stilistika sing dienggo kanggo nitingi basa warok iki dikarepne bisa nglaturi basa khas kang dinduweni Ponorogo, supaya bisa disengkuyung dening masyarakat Ponorogo.

Adhedhasar lelandhesane panliten kasebut, bisa kadudut perkara kang arep ditliti ing panliten iki, yaiku (1) kepriye wujud pamilihe tembung (*diksi*) sajroning basa warok Ponorogo nalika ing pementasan? (2) kepriye wujud lelewane basa (*gaya bahasa*) sajroning basa warok Ponorogo nalika ing pementasan?

Panliten ngenani “Lelewane lan Pamilihe Tembung basa Warok Ponorogo” iki nduweni tujuwan, yaiku : (1) kanggo ndeskripsake wujud basa warok Ponorogo nalika ing pementasan. (2) kanggo mbedakake antarane diksi lan lelewane basa sing ana ing basa warok Ponorogo nalika ing pementasan.

Sawijining panliten kudu nduweni lelandhesan teori minangka dasar analisis data kang sesambungan karo undheraning panliten. Miturut pamawas lan pikirane saka para ahli kang ana, ana kang mligi dipilih didadekake lelandhesan kanggo nganalisis saben prakara kang pokok ing panliten iki.

Anggone nganalisis pamilihe tembung nggunakake panemune Keraf (2006:24) diksi utawa pamilihe tembung yaiku (1) pamilihe tembung nyakup tegese tetembungan endi sing dinggo kanggo ngandharake sawijining gagasan, kepriye mbentuk kelompok tetembungan sing pas utawa nggunakake ujaran-ujaran sing pas lan gaya endi sing paling apik digunakake ing sawijining kahanan. (2) pamilihe tembung sing pas lan cocok amung bisa dinduweni yen nguasai tetembungan sing akeh saka sawijining basa. (3) pamilihe tembung yaiku keprigelan mbedakake kanthi pas maneka warna makna saka gagasan sing disampekne lan keprigelan kanggo nemokake wujud sing cocok karo kahanan lan nile rasa sing dinduweni kelompok masyarakat pamiarsa. Mula saka iku, kanggo ngonceki luwih jeru ngenani pamilihe tembung sajroning panliten iki, merang pamilihe tembung dadi 3 yaiku (1) titi swara (*fonologi*) yaiku minangka cabang saka ilmu

linguistik kang ngrembug ngenani siji-sijine basa kang awujud swara. Fonologi basa warok Ponorogo ing panliten iki dionceki babagan purwakanthi guru swara yaiku purwakanthi kang awewaton utawa paugeran swara, amarga sing dikanthi utawa sing digandheng swara (Padmosoekotjo, 1953:86), purwakanthi guru sastra yaiku purwakanthi kang awewaton utawa paugeran sastra utawa aksara, amarga sing dikanthi utawa sing digandheng sastra utawa aksara (Padmosoekotjo, 1953:86), lan lumaksita yaiku mujudake pangulangane tembung utawa wanda kanthi urut kang dumunung ing pungkasane gatra lan diambali maneh ing gatra sabanjure (Padmosoekotjo, 1953:56) (2) titi tembung (*morfologi*) mujudake bagiyane ilmu basa kang ngrembug utawa nyinaoni asal-usule tembung sarta pangaribawa owah-owahane tembung tumrap golongan lan tegese, utawa bisa ditegesi yen morfologi nyinaoni asal-usule tembung sarta fungsi owah-owahane bentuk kasebut, bisa awujud fungsi gramatikal utawa fungsi semantik (Ramlan, 1987:21). Morfologi basa warok Ponorogo ing kene dionceki babagan tembung saroja yaiku tembung rangkep. Maksud tembung loro kang padha tegese utawa meh padha dianggo bebarengan. (Padmosoekotjo, 1953:25) lan tembung entar yaiku tembung silihan. Tembung kang ora kena ditegesi mung sawantaha wae. Tembung iki ora nduweni teges asline utawa wis owah saka asline. Teges asline owah kanthi teges anyar kang isih ana sesambungane karo tembung wiwitane. Dadi teges kang anyar bisa diarani minangka tembung silihan (Padmosoekotjo, 1953:35).sing ana sajroning basa warok Ponorogo nalika ing pementasan. (3) titi makna (*semantik*) yaiku salah sawijining cabang linguistik kang ngrembug ngenani arti lan tegese tembung. Teges kang dikarepake yaiku makna kang kaiket ing sajroning unsure basa mau (Djajasudarma, 1995:5). Semantik sajroning basa warok Ponorogo ing panliten iki bakal dianalisis babagan relasi makna sinonimi yaiku njlentrehake ujaran (tembung, frasa, lan klausa) kang maknane kurang luwih padha karo makna ungkapan liya (Verhaar, 1978), lan antonimi yaiku ungkapan (kang arupa tembung, nanging ana uga sajroning frasa utawa ukara) kang maknane dianggep suwalike saka makna ungkapan liya Verhaar (1983:133), sarta uga ngonceki babagan makna tembung denotatif yaiku tembung utawa kelompok tembung kang lelandhesan saka sesambungan-sesambungan lugas antaraning satuan basa lan wujud ing sanjabane basa kang diterapi satuan basa kanthi trep, lan konotatif yaiku sawijining jenis makna sing stimulus lan response ngandhut nile-nile emosional (Keraf, 2006:29).

Lan kanggo nganalisis babagan lelewane basa, panliten iki nggunakake panemune Keraf (2006:113) yaiku sawijining cara nggunakake basa kanggo ngungkapke gagasan kanthi khas ing konteks tartamtu,

dening pawongan tartamtu, kanggo tujuwan lan ing wektu sing tartamtu uga sing nduduhake jiwa lan kepribadian panulis utawa pamicara (panutur). Mula saka iku lelewane basa sajroning basa warok Ponorogo diperang dadi (1) basa rinengga yaiku lelwane basa sing nduweni sifat nambahi kaendahan sajrone gagasan utawa gegambaran, (2) pepindhan yaiku lelewane basa kang asipat mbandhingake. Pepindhan asale saka tembung pindha sing ateges kaya utawa mirip. Sajroning pepindhan ana babagan kang dipindhaake (dimiripake) karo babagan kang liya, (3) bebaskan yaiku unen-unen kang ajeg panganggone, mawa teges entar, ngemu surasa pepindhan. Kang dipepindhakake kahanane utawa sesipatane wong. Wonge uga katut ing sajrone pepindhan iku, nanging kang luwih ditengenake kahanane lan tindak-tanduke. (Padmosoekotjo, 1953:47). (4) paribasan yaiku unen-unen kang ajeg panganggone, mawa teges entar, ora ngemu surasa pepindhan. Paribasan ora bisa ditegesi mung sawantahe wae. (Padmosoekotjo, 1953:40). (5) candra yaiku nggambar utawa amarna kaendahan sarana pepindhan. Dadi dudu pepindhane sing diarani candra. Pepindhane iku mung dumunung kanggo srana olehe nggambar utawa amarna kaendahan utawa kaanan. (Padmosoekotjo, 1953:71) (6) citraan, citraan ning kene diperang dadi 3 yaiku sepisan citraan pandulu yaiku menahi rangsangan marang pancadriya, saengga hal-hal sing sadurunge ora kena dideleng dadi bisa dideleng dening penikmate. Amarna sawijining prastawa utawa kedadean sing nggawa penikmat kanggo ndeleng, bisa ndadekake kahanan sing digambarne dening panganggit dadi katon urip (Pradopo ing sajroning Yuwana, 2000:66). Kapindho citraan pangrungu yaiku sawijining gambaran kanthi nyebut utawa ngurakne swara-swara, saengga menahi rangsangan pancadriya pangrungu kanggo ngerteni gambaran sing dimaksud dening panganggit (Pradopo sajroning Yuwana, 2000:70). Pungkasan citraan solah bawa yaiku sawijing gambaran ngenani sawijining hal sing mbanangun ayang-ayang gerakan sing bisa mujudake imajinasine panikmat. (7) majas, majas uga diperang dadi 3, yaiku sing sepisan majas bandingan yaiku majas sing ngujarake sawijining hal kanthi cara mbandingake antarane kahanan siji lan kahanan liyane (Tjahjono, 2011:56), majas bandingan ning kene diperang dadi metafora lan antonomasia . Kapindho majas negesne yaiku majas sing nduweni usaha menahi tekanan tumrap makna sawijining tembung utawa ujaran (Tjahjono, 2011:73), majas negesne ing panliten iki diperang dadi repetisi lan asindeton. Lan pungkasan majas pasemon yaiku majas sing dianggo nyindhir, wiwit saka sindiran alus kanggo guyonan nganti sindiran kasar kanggo nuduhake rasa ora seneng (Tjahjono, 2011:93), majas pasemon ing kene diperang dadi sinisme lan sarkasme.

METODE

Panliten iki nggunakake ancangan deskriptif kualitatif. Deskriptif Kualitatif yaiku panliten kang nengenake kasunyatan-kasunyatan utawa tandha-tandha kang kanthi empiris tuwuh lan kedadeyan saka sumbering omongan utawa penutur (Sudaryanto, 1993:62). Metode iki kanggo nggambarake kasunyatan-kasunyatan saka objek saengga bisa antuk asil kang pener lan bener. Kanthi ancangan deskriptif kualitatif panliten iki diajab ngolehake gegambaran kang cetha lan objektif ngenani pamilihe tembung lan lelewane basa kang kinandhut sajroning Basa Warok Ponorogo ing pementasan.

Ing panliten iki data kang digunakake arupa tembung, frase, ukara, lan rekaman video kang ngandhut pamilihe tembung lan lelewane basa sajroning Basa Warok Ponorogo ing pementasan. Sumber data kang ana ing sajroning panliten iki yaiku sumber data kang arupa (1) Basa warok sing ditulis awujud larik-larik naskah drama radio Suminten Edan serial Warok Suromenggolo anggitane warok Yang Suryo, (2) Kumpulan rekaman video Festival Reyog Ponorogo sing bakal ditransit ning data tulisan, (3) Teks pranatacara manten Ponorogan sing ditulis dening warok.

Pangolahan data ing sajroning panliten iki digunakake kanggo ngolah data kang wus kakumpul. Ing proses analisis data ing sajroning panliten iki panliti nggunakake limang tahap, yaiku :

- 1) Transkripsi data, yaiku ngolah data saka rekaman video menyang data tulisan
- 2) Verifikasi data, yaiku data kang ana ing sajrone panliten ditranskrip banjur dipilih kang selaras lan cocog miturut kaegori-kategori kang wus ana, apa iku kang arupa pamilihing tembung (*diksi*) lan lelewane basa (*gaya bahasa*).
- 3) Identifikasi data, yaiku sawise dikelompokake miturut kategori-kategorine, data banjur dianalisis miturut kategorine.
- 4) Analisis sakabehe data panliti, nganalisis ngenani pamilihing tembung lan lelewaniing basa.
- 5) Kanggo nemtokake pamihing tembung lan lelewane basa kang dominan, dilakokake cara ngitung ngenani sepira akehe tetembungan kang ngandhut pamihing tembung lan lelewane basa kang asring muncul ing sajroning Basa Warok Ponorogo ing pementasan.

Asil saka analisis iki bakal digunakake kanggo njawab rumusan masalah kang wus dijentrehake sadurunge, ing analisis iki bakal dirumusake saran-saran kang bisa diwenehake kanggo panliten sabanjure.

PRATELAN ASILING PANLITEN

Tetembungan kang dipilih para warok dilakokake kanthi trep lan ati-ati. Para warok anggone nggunakake

diksi ora mung ngutamakake ing makna, nanging uga ing aspek rasa, lan pangrasa kang tuwuh ing jiwa panikmate. Pamilihe tembung sing digunakake sajroning basa warok bisa diklasifikasiake lan diperang dadi 3 bab, yaiku:

- 1) Titi swara (fonologi), ing panliten iki babagan titi swara basa warok Ponorogo sing dionceki ngenani purwakanthine yaiku sing sepisan purwakanthi guru swara. Purwakanthi guru swara sing ana sajroning basa warok Ponorogo sajroning pementasan yaiku pengambalan aksara swara /a/, /i/, /u/, lan /o/. Fungsi saka ngambali aksara swara sing padha ing saben ukara utawa saben baite ing basa warok Ponorogo bisa nambaahi kaendahan nalika ing pementasan, lan uga bisa negesake sawijing karep. Pratelan ing nduwur katon saka pethikan ing iki “Drengki, sreji, nggendong lali”. Kapindho purwakanthi guru sastra sajroning basa warok Ponorogo nalika ing pementasan yaiku pengambalan aksara konsonan /c/, /b/, /t/, lan /th/. Fungsi saka purwakanthi guru sastra sajroning basa warok Ponorogo yaiku supaya menehi rasa kaendahan marang apa sing dipituturne para warok nalika ing pementasan, pratelan iku katon ing pethikan iki “Henta-henta, gatekna aja mung thela-thelo ngono kuwi, thek leh ra cetha”. Sing pungkasan purwakanthi lumaksita sajroning basa warok Ponorogo nalika ing pementasan yaiku pengambalan tembung urip, laku, kuwi, lakon, perkara, mikir, ilmu, beja, lan dhadha. Fungsi saka pengambalan tembung sing padha ing sak ukara iku sipaya apa sing dikarepne utawa sing dituturne para warok iku bisa luwih cetha utawa luwih gamblang, pratelan iku bisa disengkuyung karo pethikan iki “Sak beja bejane wong lali kuwi isih beja wong eling lan waspada.”
- 2) Titi tembung (morfologi), ing panliten iki titi tembung basa warok Ponorogo sing bakal dionceki yaiku sepisan babagan tembung saroja. Tembung saroja sing ana sajroning basa warok nalika ing pementasan yaiku tembung salang tunjang, andhap asor, tandhing pupuh, sipat kuping, sengkud gumregud, mukti wibawa, angkara murka, solah bawa, tindak-tanduk, lan tresna asih. Fungsi saka tembung saroja ing basa warok Ponorogo supaya luwih cetha, lan kanggo negesake gegambarane sing pengen diduduhne dening para warok saengga uga tuwuh rasa kaendahan dening panikmate. Pungkasan yaiku tembung entar. Tembung entar sing ana sajroning basa warok Ponorogo nalika ing pementasan yaiku tembung adu atos lan uleting kulit, nggatelke kuping, jagal manungsa, lan lar kridhane. Fungsi saka tembung entar ing basa warok Ponorogo yaiku supaya apa sing dikarepne dening para warok

ing pituturne sing rada nylekit ora ngakibatne lara ati tumrap lawan pituturne, mula saka iku para warok nggunakake tetembungan sing merlokake analisis kanggo ngerteni maksude, utawa ora bisa ditegesi mung sawantahe wae.

- 3) Titi makna (semantik), ing panliten iki titi makna basa warok Ponorogo sing bakal dionceki babagan relasi makna lan makna tembung. Relasi makna ing basa warok diperang maneh dadi sinonimi lan antonimi. Sinonimi sajroning basa warok Ponorogo nalika ing pementasan katon ing tembung nglokro lan kempa, tentrem lan ayam, memungsuhan lan gawe gendra, pikir lan nalar. Fungsi saka nggunakake tembung loro sing nduweni makna sing padha utawa meh padha kanthi bebarengan supaya bisa luwih negesake kekarepane para warok Ponorogo nalika ing pementasan. Antonimi sajroning basa warok Ponorogo katon ing tembung apik lan ala, padhang lan peteng, dhuwur lan asor, kiwa lan tengen, donya lan akhirat. Fungsi saka antonimi ing basa warok Ponorogo yaiku supaya lawan tuturne bisa luwih mangerteni maksud saka apa sing dituturne warok, antonimi ing kene nduweni tujuan kanggo negesake maksud saka gegambarane sing dipituturne para warok nalika ing pementasan. Makna tembung sajroning basa warok Ponorogo diperang dadi loro, makna denotatif lan makna konotatif. Alasan para warok nggunakake rong makna iki sajroning basa warok yaiku supaya panikmate ora jenuh tur luwih bisa nikmati apa sing dituturne dening para warok, lan senajan mung ning pementasan, ananging reroncenane tembung sing digunakne para warok bisa dicakne ning urip bebrayan sing sabenero.

Lelewane basa sajroning basa warok Ponorogo nalika ing pementasan bisa diklasifikasike lan diperang dadi :

- 1) Basa rinengga, ing panliten iki basa rinengga sajroning basa warok Ponorogo nalika ing pementasan digunakake kanggo nggambarake kahanan sing endah lan cara nggambarake iku nggunakake basa kawi, sing ora lumrah dirungokake ing basa padinan.
- 2) Pepindhan, wujud pepindhan sajroning basa warok Ponorogo nalika ing pementasan nuduhake kepriye carane para warok nalika weneh pitutur marang mungsuhe, sing nggunakake pilihan tembung sing kasar nanging cara ngroncene katon endah. Lelewane basa pepindhan ing kene katon saka reroncenane tembung sing nggunakake tembung “kaya” kanggo mbandingake. Andharan iku disengkuyung karo pethikan iki “kolormu datan tumama, Mung kaya digithik cuthik.”

- 3) Bebasan, unen-unene basa warok Ponorogo sing kalebu bebasan katon saka pethikan iki “wani silid wedi rai.” Bebasan sajroning basa warok Ponorogo nalika ing pementasan nduweni fungsi supaya apa sing dadi maksud pituture para warok, bah iku kanggo mungsuh, kanca, utawa muride tetep nduweni kaendahan lan maksud sing jeru, kanggo nggambarake pawongan.
- 4) Paribasan, unen-unen basa warok Ponorogo sing kalebu paribasan nalika ing pementasan katon saka pethikan iki “congkrah bubah rukun agawe santosa.” Fungsi saka paribasan sajroning basa warok Ponorogo supaya apa sing dadi pituture para warok ora mung ditegesi sawantahe wae kanggo hiburan, ananging uga bisa dadi bahan renungan penikmate.
- 5) Candra, ing basa warok Ponorogo candra nduweni fungsi kanggo nggambarake wujud para warok, kanggo nuduhake dedeg piadega para warok. Andharan iki katon saka pethikan “waroke Ponorogo, godhek wok simbar djadja”
- 6) Citraan, sajroning basa warok Ponorogo diperang dadi 3, sepisan citraan pandulu, citraan iki sajroning basa warok Ponorogo nuduhake kahanan sing penak lan endah disawang sing agawe pandulun penikmate bisa melu ndelok gegambaran sing digambarne para warok. Kapindho citraan pengrungu, citraan iki sajroning basa warok Ponorogo nalika ing pementasan nduweni fungsi kanggo nggambarake kahanane manungsa nalika kekeselen sing digambarke kanthi suara napas sing menggha-menggeh. Sing pungkasan citraan solah bawa, citraan iki sajroning basa warok Ponorogo kanggo nggambarake tingkah laku sing becik.
- 7) Majas, ing panliten iki majas diperang dadi 3 yaiku majas bandingan, majas negesne lan majas pasemon. Sing sepisan majas bandingan, majas iki diperang maneh dadi loro yaiku metafora sing ing sajroning basa warok Ponorogo nduweni fungsi kanggo mbandingne sawijing hal sing urip karo sawijing hal sing gag urip, dadi istilah liyane membendakan sawijining hal sing urip. Lan antonomasia ing basa warok Ponorogo nalika ing pementasan nduweni fungsi dadi tembung panggantine jenenge wong, utawa tembung pengganti saka julukane sawijining pawongan. Kapindho majas negesne, majas iki diperang maneh dadi loro, yaiku repetisi lan asindeton. Repetisi sajroning basa warok Ponorogo yaiku swara tembung lan frasa bali, niku, weruh, rasa, urip kuwi, sabar kuwi, lan wedi sing diambali luwih saka kapindho ing saben ganti ukara. Fungsi saka repetisi sajroning basa warok Ponorogo kanggo negesake saben maksud saka pituture para warok.

Lan asindeton ing basa warok Ponorogo nduweni maksud kanggo negesake sawijining pituture para warok kanthi cara nuturake tetembungan sing meh padha tegese luwih saka siji kanthi urutan tanpa nggunakake tembung panggandheng. Katelu majas pasemon, majas iki diperang maneh dadi loro yaiku sinisme kanggo nuduhake sindirane para warok marang pawongan amarga rasa ora percaya, utawa curiga, sing nggunakake tetembungan sing isih alus nanging nylekit. Lan sarkasme kanggo nuduhake sindirane para warok marang pawongan sing wis nglarani atine kanthi nggunakake tetembungan sing kasar.

PANUTUP

Dudutan

Adhedhasar analisis kang wis dilakokne marang 16 adegan sajrone naskah drama “Suminten Edan edisi Suro Menggolo”, 13 rekaman “Festifal Reyog Nasional” sing wis ditranslate ning wujud tulisan, lan 1 teks pranatacara basa ponoragan bisa didudut ngenani Pamilihe tembung (*diksi*) lan Lelewane Basa (*gaya bahasa*) ing antarane yaiku:

Sajrone tetembungan basa warok kang diwujudne ing pentas teatrikal reyog, drama radio, lan ing teks pranatacara bisa katon kepriye ciri khase basa sing dadi lelandhesane basa ponoragan iki, yaiku katon nuwuhake efek-efek penguatan saka tembung kasebut. Efek-efek penguatan tembung kuwi tuladhane bisa disawang ing babagan makna tembung, mligine sajrone antonimi. Tembung kang nduweni makna sejatine wis katon cetha, nanging dening para warok banjur diwenehi tembung liya kang nduweni unsure pembedhan saengga nuwuhake makna panguatan marang tembung mau lan rasa kang endah ing wewujudan pentas teatrikal reyog, drama radio, lan pranatacara.

Lelewane basa sajrone basa warok Ponorogo ing pementasan nuwuhake apa kang dadi ciri khase basa iki, yaiku bisa didelok saka carane ngeronce basa nuduhake sakasar-kasare basa sing dipilih, ananging tetep ana watesan, nduweni makna sing jeru lan tetep bisa nuwuhake kaendahan. Lelewane basa sing paling khas basa warok Ponorog yaiku ing acara apa wae, kanggo tujuan apa wae, mesti ana ukara “henta-henta!”, “byuuh-byuuh ora dlomok”, lan tembung “dlondong.” Saliyane iku kekhasane basa warok Ponorogo ing pementasan bisa disawang saka apa wae tujuan ujaran lan gagasane intine tetep kanggo menahi pitutur sing becik,

Lelewane lan pamilihe tembung basa warok gumantung karo tujuwan lan kahanane. Durung mesti basa warok iku nggunakake tetembungan sing kasar, ananging uga bisa nggunakake basa sing ndakik-ndakik,

basa rinengga, iku katon sajroning pranatacara manten Ponoragan.

Pamrayoga

Panliten iki mujudake panliten ngenani basa sajrone karya sastra lan pentas seni kanthi nggunakake kajian stilistika, mligine ngenani pamilihe tembung lan lelewane basane, kamangka sajrone basa warok Ponorogo akeh banget kang bisa dianalisis kanthi tinthingan liya. Tinthingan liya kang bisa medhar basa warok Ponorogo bisa wae ngenani sastra utawa basa kang luwih mligi, saliyané iku panaliten ngenani basa warok Ponorogo kanthi tinthingan stilistika iki isih adoh saka sampurna, jalaran isih diwatesi kanthi kajian-kajian kang sesambungan kalawan *style*-ing pangripta. Andharan iku mau mujudake pangajab tumrap panliti supaya ana kang nindakake panliten tumrap basa warok Ponorogo kanthi tinthingan liya utawa bisa uga nambah lan ngurangi asil panliten iki.

KAPUSTAKAN

- Aminuddin. 1997. *Stilistika Pengantar Memahami Bahasa dalam Karya Sastra*. Semarang: IKIP Semarang Press.
- Arikunto, Suharsini. 1998. *Prosedur Penelitian*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Bilowo, Joko. *Teks Pranatacara Manten Ponoragan*.
- Chaer, Abdul. 2009. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- Djadjasudarma, Fatimah. 2009. *Semantik I*. Bandung: PT Refika Aditama.
- Harmanto, Bambang. 2007. *Sistem Fonologi Bahasa Warok Ponorogo dan Prospek Penyebarluasannya*. Dikti.
- Keraf, Gorys. 2006. *Diksi dan Gaya Bahasa*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Kridalaksana, Harimurti. 1982. *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia.
- Oka, I.G.N. Suparno. 1994. *Linguistik Umum*. Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Padmosoekotjo. 1953. *Ngrengrengan Kasusastran Djawa*. Jogja: Hien Hoo Sing.
- Pangaribuan, Tagor. 2008. *Paradigma Bahasa*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Poerwadarminta, 1937. *Baoesastra Djawi*.
- Pradopo, Rahmat Djoko. 2005. *Pengkajian puisi*. Jakarta: Gadjah Mada University press
- Purwowijoyo. 1985. *Crita Rakyat Reyog Ponorogo*. Ponorogo: Kepala Kantor Pembinaan Pendidikan Masyarakat Ponorogo.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2009. *Stilistika Kajian Puitika Bahasa, Sastra, dan Budaya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Samsuri. 1991. *Analisis Bahasa*. Jakarta: Erlangga.
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa: Pengantar Penelitian Wahana Kebudayaan Secara Linguistik*. Yogyakarta: Duta Wacana.

- Sudirman. 1990. *Budaya Ponorogo Reyog Warok lan Geblak*. Ponorogo: Pusaka Jawa.
- Sudjiman, Panuti. 1993. *Bunga Rampai Stilistika*. Jakarta: Pustaka Utama Grafiti.
- Suryo, Yang. 2010. *Suminten Edan serial Warok Suro Menggolo*. Ponorogo: Manggolo Kusumo Hayu.
- Tjahjono Tengsoe. 2011. *Mendaki Gunung Puisi*. Malang: Banyumedia Publishing.
- Verhaar, J.W.M. 1983. *Pengantar Linguistik*. Yogyakarta: Gajah Mada University press.
- Yuwana, Setya.dkk. 2000. *Pendekatan Stilistik dalam Puisi Jawa Modern Dialek Using*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan Nasional.